

Eske w bezwen èd pou peye lwaye akòz COVID-19 ?

Pwogram Asistans Lojman Lokal pou Lwaye nan Eta Connecticut (Temporary Rental Housing Assistance Program (TRHAP)) pral aksepte aplikasyon yo apati 8 nan maten nan dat k ap 15 jiyè 2020.

- Fanmi ki kalifye yo ka jwenn yon **maksimòm \$4,000** kòm asistans pou lwaye ke yo dwe pou yon peryòd 12 mwa ki kòmanse 1 mas 2020, ak yon limit de \$1,000 pou chak mwa.
- Lokatè yo ap oblije peye **30% nan kantite lajan ki pi ba nan revni bri** yo (resevwa nan mwa mas, avril, oswa me) pou lwaye mèt kay la pou mwa yo resevwa lajan TRHAP
- TRHAP pral bay **priorite pou fanmi ki gen yon revni ki fèb oubyen modere**
- **Kòmanse 12 Out 2020**, pwogram lan ap aksepte aplikasyon pou tout rezidan ki kalifye nan Connecticut, menm si yo te resevwa alokasyon chomaj ak / oswa Asistans pou Èd pandemi an
- Yo pral fè peman yo dirèkteman bay pwopriyete / jesyonè imobilye an sou non lokatè a

Kijan pou aplike:

- **Rele 1-860-785-3111** epi pale ak yon reprezantan sant apèl la pou w **ka konnen si w kalifye pou asistans pou lwaye oswa aplike sou entènèt nan sit entènèt [Connecticut Housing Finance Authority](#)**
- DOH ap revize enfòmasyon an, epi, si w kalifye, l ap afekte w bay ajans konsèy pou lojman (Housing Counseling Agency (HCA)) ki apwopriye a
- HCA pral kontakte w epi travay avèk ou pou konplete aplikasyon an
- TRHAP gen yon sèten kondisyon elijibilite - si ou gen **kesyon sou si w kalifye pou asistans lan**, ou dwe **rele nan 1-860-785-3111** epi pale ak yon reprezantan sant apèl la
- Pran nòt konsènan ki moun ou pale avèk epi kilè, epi sovgade tout dokiman oswa repons ou jwenn nan men TRHAP

Kisa ou bezwen pou w aplike:

- Dokimantasyon ki montre ke fanmi an **pèdi kèk oswa tout revni akòz COVID-19** epi li pa kapab peye lwaye konplè soti 1 (premye) mas 2020
 - pa egzanp, ou pral bezwen prèw ke revni ou te redwi akòz pèt travay, konje san peye, revokasyon, rediksyon nan èdtan / salè, fèmti nan travay, oswa travay rate pou swen pou yon timoun ki gen laj lekòl oswa yon moun aje, elatriye.
- **Revni fanmi** an pou lane 2019
 - Yo p ap konsidere revni jèn ki minè ak etidyan apentan yo ap resevwa
- **Dakò pou peye mèt kay ou tout kòb lwaye ou dwe** ki pa garanti ni kouvri pa TRHAP, si ou toujou dwe nenpòt lwaye
- Idantifye mwa a (oswa 30 jou youn apre lòt) pandan mwa mas, avril, ak me lè ou touche pi piti
- Nenpòt lòt dokiman reprezantan sant apèl TRHAP mande

Lòt kondisyon kalifikasyon TRHAP:

- Asistans pou lokasyon an dwe konsène **rezidans prensipal** lokatè a nan Connecticut
- Lokatè a **pa** dwe resevwa asistans pou lwaye nan yon lòt pwogram Federal oswa Eta a
- Lokatè a **pa** dwe gen yon òdonans tribinal k ap di yo pou yo kite kay la pou yon ekspilzyon ki te depoze anvan 11 mas 2020

Vizite [CT Department of Housing](#) oswa **rele 211** pou plis enfòmasyon sou TRHAP

Tanpri rele Connecticut Fair Housing Center nan (860) 247-4400 si w genyen nenpòt difikilte pou w jwenn pwogram lan oswa si ou gen enkyetid sou kondisyon pwogram lan. Pwogram TRHAP la administre pa Depatman Lojman Connecticut (Connecticut Department of Housing), se pa Connecticut Housing Fair Center

